waaw	yow	séet	bi	nakanu			woyal	
waaw	yow	séet	bi	na	ka	nu	woy	-al
oui	toi	mariée	la	INCIT	lui	nous	chanter	BEN
ADV	PN	N	ART	MOD	PNC3S	PNS1P	VT	SUF

oui toi (que nous chantions) chantons pour la mariée !

6.23 FAIRE CONTER F.J NDIT.

Mënuma ay léeb. Bu ñu masaana toog, nii lañaa waxe. Ku dégg baat bii, ñu xam ne kii ubbi na. Noonu la ; amul leneen. Man daal, léeb, daawuma si dugg. Ñu ne daha dem dëkk ba. Dafa dem Juwaala ; kon Yaa Gala moo fi nekk.

mënuma ay léeb

mënuma			ay	léeb
mën	-u	-ma	ay	léeb
pouvoir	NEG	je	des	conte
V	SUF	PNS1S	AIP	N

Je ne connais pas de contes.

bu ñu masaana toog nii lañaa waxe

bu	ñu	masaana			toog	nii	lañaa			waxe		
bu	ñu	mas	aan	a	toog	nii	la	ña	a	wax	-e	
quand	ils	faire	P_H	INDV	s'asseoir	ainsi	MRC	ils	INAC	parler	APPL	
CONJS	PNS3P	VAUX	SUF	SUF	VI	ADV	MOD	PNS3P	ASP	V	SUF	

Quand ils étaient installés, ils parlaient ainsi

ku dégg baat bii ñu xam ne kii ubbi na

ku	dégg	baat	bii	ñu	xam	ne	kii	ubbi		na
ku	dégg	baat	bii	ñu	xam	ne	kii	ub	-i	na
quiconque	entendre	mot	ce	on	savoir	que	celui-ci	fermer	INV	MRV
PIND	VT	N	DEMPS	PIND	VI	CONJS	DEMPS	VT	SUF	MOD

Celui qui entendait cette phrase savait que celui-là a commencé.

noonu la amul leneen

noonu	la	amul		leneen
noonu	la	am	-ul	leneen
ainsi	être	avoir	NEG	autre_chose
ADV	VI	VT	SUF	PN

C'est comme ça ; il n'y a pas autre chose.

man daal léeb daawuma si dugg

man	daal	léeb	daawuma							si	dugg
man	daal	léeb	di	aan		w	u	ma		si	dugg
moi	vraiment	conter	INAC	PASSE_ HAB		EPENT	NEG	je		y	s'engager
PN1S	ADV	V	STG	SUF		AFF	SUF	PNS1S		PREP	VI

Moi, vraiment, je ne m'engageais pas dans les contes.

ñu ne daha dem dëkk ba

ñu	ne	daha	dem	dëkk	ba
ñu	ne	daha	dem	dëkk	ba
on	dire	EXPL	partir	village	le
PIND	V	MOD	VI	N	ADS

On a dit qu'il est allé au village.

dafa dem juwaala kon yaa gala moo fi nekk

dafa	dem	juwaala	kon	yaa	gala	moo		fi	nekk	
dafa	dem	juwaala	kon	yaa	gala	mu	a	fi	nekk	
EXPL	partir	joal	donc	maman	gala	il	MRS	ici	se_trouver	
MOD	VI	N	CONJC	N	N	PNS3S	MOD	ADV	VI	

Il est allé à Joal. Donc, c'est la mère Gala qui est là.

6.24 CHANT DE MARIÉE

Ma ne nag ëëë… lébu moom, daha ñeme woy, ñeme uw fecca, ñeme ag taggaate. Ndax lébu, man mii u la gis, ba ña takkee ma doom, maanaam doom ji nga jur, du doon sa doom. Sa doomi càmmiñ, doom jaa xam ne ki nga bokkal baay a ka jur, ula njëkkel yaayam, xam naal njëkke ? Xam naa njëkke. Waaw, kay ! Ula njëkkel yaayam, def si yaayam ñentaak tarañsu, doom ja, ñu di ka taka ba muy séyi, nga muur ka njooram jàmm nag. Baa ka muuree nag ba toog teg ka sa diga kër ga nag, nga ne ka :

> *Waral ! Waral, sama doom ! Waral, guddi na ! Boo waree, mey ma jaam, wàcc, mey ma naarugóor. Waral, donoy Maam Joor NDÓOY ak koddu NDÓOY ! Waral, guddi na ! Donoy Maam Naara NDÓOY, donoy Maam Diminga NDÓOY ! Sa séy bi, Yal na barkeel ! Koddu Ndey MBAAS ak Njara Ndey MBAAS, MBAAS, yaayi Abdulaay GEY, éy waay ! Sa séy bi, Yal na barkeel ! Donoy Maam !*

Nga ne :

> *Sama doom ji, séy bi, Yal na barkeel ! Ey, Xadi mi ñu duppe Xadi, yaayi Siriif Joom, Yal na séy bi barkeel ! Ñu ne Maam Alasaan ay sa baay waaye Alasaan FAY, Maayin NDÓOY ay yaayam. Ñu ni : Maayin NDÓOY, Naara NDÓOY ay baayam waaye Naara NDÓOY, Maam Alasaan NDÓOY ay baayam. Ñu ne : Alasaan NDÓOY, mooy baayu Naara NDÓOY waaye mooy baayu Diminga NDÓOY ; waaye Diminga NDÓOY ay yaayi Bukar FAY. Bukar FAY ay baayu Alasaan*

FAY. Waral, sama doom ji ! Waral, guddi na ! Boo waree, mey ma jaam, boo wàccee, mey ma naarugóor.

Noonu lanu daan jiitale sunu doom.

ma ne nag lébu moom

ma	ne	nag	lébu	moom
ma	ne	nag	lébu	moom
je	dire	alors	lébou	lui
PNS1S	V	ADV	N	PN

Je dis alors, que s'agissant du lébou,

daha ñeme woy ñeme uw fecca ñeme ag taggaate

daha	ñeme	woy	ñeme	uw	fecca	ñeme	ag	taggaate			
daha	ñeme	woy	ñeme	uw	fecc	ñeme	ag	tagg	-aat	-e	
EXPL	oser	chanter	oser	un	danse	oser	un	faire l'éloge	encore	APPL	
MOD	VI	VT	VI	AIS	N	VI	ADS	VT	SUF	SUF	

il ose chanter, ose la danse, ose la louange (= il a un penchant pour…).

ndax lébu man mii u la gis

ndax	lébu	man	mii	u	la	gis
ndax	lébu	man	mii	u	la	gis
car	lébou	moi	ici	tu	INAC	voir
CONJC	N	PN1S	DEMPS	PNS2S	ASP	VT

Car le lébou, moi-là que tu vois,

ba ña takkee ma doom

ba	ña	takkee		ma	doom
ba	ña	takk	-ee	ma	doom
quand	on	marier	ANT	ma	fille
CONJS	PIND	VT	SUF	POSS1S	N

quand on a épousé ma fille,

maanaam doom ji nga jur du doon sa doom

maanaam	doom	ji	nga	jur	du	doon	sa	doom
maanaam	doom	ji	nga	jur	du	doon	sa	doom
c-à-d	enfant	le	tu	engendrer	FUTNEG	être	ton	enfant
CONJC	N	ADS	PNS2S	VT	MOD	VI	POSS2S	N

disons, l'enfant que tu as mis au monde ne sera pas ton enfant,

sa doomi càmmiñ doom jaa xam ne

sa	doomi		càmmiñ	doom	jaa	xam	ne
sa	doom	-i	càmmiñ	doom	jaa	xam	ne
ton	enfant	CONN	frère	enfant	que	savoir	que
POSS2S	N	SUF	N	N	PNR	VI	CONJS

l'enfant de ton frangin, un enfant qui

ki nga bokkal baay a ka jur

ki	nga	bokkal		baay	a	ka	jur
ki	nga	bokk	-al	baay	a	ka	jur
celui	tu	partager	COM	père	MRS	le	engendrer
PN	PNS2S	VT	SUF	N	MOD	PNC3S	VT

est l'enfant de ton frère

ula njëkkel yaayam xam naal njëkke

ula	njëkkel	yaayam	xam	naal	njëkke

ula	njëkke	-l	yaay	-am	xam	na	al	njëkke
ou	marraine	CL	mère	sa	savoir	MRV	tu	marraine
CONJC	N	SUF	N	POS3S	VI	MOD	PNS2S	N

ou la marraine de sa mère… Tu connais *njëkke* ?

xam naa njëkke waaw kay

xam	naa		njëkke	waaw	kay
xam	na	-a	njëkke	waaw	kay
savoir	MRV	je	marraine	oui	certes
VI	MOD	PNS1S	N	ADV	ADV

Je connais *njëkke* certes.

ula njëkkel yaayam def si yaayam ñentaak tarañsu

ula	njëkkel		yaayam		def	si	yaayam		ñentaak		tarañsu
wala	njëkke	-l	yaay	-am	def	si	yaay	-am	ñenta	ak	tarañsu
ou	marraine	CL	mère	POS3S	faire	y	mère	POS3S	quatre	et	trente sous
CONJC	N	SUF	N	SUF	VT	PREP	N	SUF	NUM	CONJC	STG

ou bien la marraine de sa mère investit pour sa mère vingt francs et trente sous,

doom ja ñu di ka taka ba muy séyi

doom	ja	ñu	di	ka	taka	ba	muy		séyi		
doom	ji	ñu	di	ka	taka	ba	mu	-y	séy		-i
enfant	le	on	INAC	le	épouser	jusque	elle	INAC	se_marier		EXIT
N	ADS	PIND	ASP	PN	VT	ADV	PNS3S	ASP	VI		SUF

l’enfant on la marie puis elle va au domicile conjugal.

nga muur ka njooram jàmm nag

nga	muur	ka	njooram			jàmm	nag	
nga	muur	ka	njoor	-u	-m	jàmm	nag	
tu	recouvrir	le	pagne	CONN	CL	paix	alors	
PNS2S	VT	PNC3S	N	SUF	SUF	N	ADV	

Tu la recouvres d’un pagne de paix alors.

baa ka muuree nag ba toog

baa		ka	muuree		nag	ba	toog	
ba	a	ka	muur	-ee	nag	ba	toog	
quand	tu	le	recouvrir	ANT	alors	jusque	s’asseoir	
STG	PNS2S	PNC3S	VT	SUF	ADV	PREP	VI	

Quand tu t’asseois après l’avoir recouverte,

teg ka sa diga kër ga nag

teg	ka	sa	diga		kër	ga	nag	
teg	ka	sa	digg	-u	kër	ga	nag	
poser	le	à	milieu	CONN	maison	la	alors	
VT	PNC3S	PREP	N	SUF	N	ADS	ADV	

et installée au milieu de la maison alors,

nga ne ka waral waral sama doom waral guddi na

nga	ne	ka	waral		waral		sama	doom	waral		guddi	na	
nga	ne	ka	war	-al	war	-al	sama	doom	war	-al	guddi	na	
tu	dire	lui	monter	IMP	monter	IMP	mon	enfant	monter	IMP	nuit	MRV	
PNS2S	V	PNC3S	VT	SUF	VT	SUF	POSS1S	N	VT	SUF	VI	MOD	

tu lui dis : Monte, monte, mon enfant, monte, il fait nuit !

boo waree mey ma jaam wàcc mey ma naarugóor

boo		waree		mey	ma	jaam	wàcc	mey	ma	naarugóor
bu	a	war	-ee	mey	ma	jaam	wàcc	mey	ma	naarugóor
quand	tu	monter	ANT	offrir	me	servante	descendre	offrir	me	pur_sang
CONJS	PNS2S	VT	SUF	VT	PN1S	N	VI	VT	PNC1S	N

Au départ, tu m'offriras une servante ; arrivée, tu m'offriras un pur-sang.

waral donoy maam joor ndóoy ak koddu ndóoy waral guddi na

waral		donoy		maam	joor	ndóoy	ak	k	nd	waral		guddi	na	
war	-al	dono	-y	maam	joor	ndóoy	ak	k	nd	war	-al	guddi	na	
monter	IMP	héritier	CONN	ancêtre	Dior	Ndoye	et	C	Nd	monter	IMP	nuit	MRV	
VT	SUF	N	SUF	N	N	N	CONJC	N	N	VT	SUF	VI	MOD	

Monte, héritière de Mame Dior Ndoye et de Codou Ndoye ! Monte, il fait nuit !

donoy maam naara ndóoy donoy maam diminga ndóoy

donoy		maam	naara	ndóoy	donoy		maam	diminga	ndóoy
dono	-y	maam	naara	ndóoy	dono	-y	maam	diminga	ndóoy
héritier	CONN	ancêtre	Nara	Ndoye	héritier	CONN	ancêtre	Diminga	Ndoye
N	SUF	N	N	N	N	SUF	N	N	N

Héritière de Mame Nara Ndoye, héritière de Mame Diminga Ndoye !

sa séy bi yal na barkeel

sa	séy	bi	yal	na	barkeel	
sa	séy	bi	yal	na	barke	-el
ton	mariage	le	Dieu	INCIT	bénédiction	DVRBAT
POSS2S	N	ART	N	MOD	N	SUF

que ton mariage soit béni !

koddu ndey mbaas ak njara ndey mbaas mbaas yaayi abdulaay géy

koddu	ndey	mbaas	ak	njara	ndey	mbaas	mbaas	yaayi		abdulaay	géy	
koddu	ndey	mbaas	ak	njara	ndey	mbaas	mbaas	yaay	-i	abdulaay	géy	
Codou	mère	Mbasse	et	Ndiara	mère	Mbasse	Mbasse	mère	CONN	Abdoulaye	Guéye	
N	N	N	CONJC	N	N	N	N	N	SUF	N	N	

Codou Ndeye Mbasse et Ndiara Ndeye Mbasse Mbasse mère de Abdoulaye Guéye !

éy waay sa séy bi yal na barkeel

éy	waay	sa	séy	bi	yal	na	barkeel	
éy	waay	sa	séy	bi	yal	na	barke	-el
oh	de grâce	ton	mariage	le	Dieu	INCIT	bénédiction	DVRBAT
INTERJ	INTERJ	POSS2S	N	ART	N	MOD	N	SUF

oh de grâce que ton mariage soit béni !

nga ne sama doom ji séy bi yal na barkeel

nga	ne	sama	doom	ji	séy	bi	yal	na	barkeel	
nga	ne	sama	doom	ji	séy	bi	yal	na	barke	-el
tu	dire	mon	enfant	le	mariage	le	Dieu	INCIT	bénédiction	DVRBAT
PNS2S	V	POSS1S	N	ADS	N	ART	N	MOD	N	SUF

Tu dis : Que le mariage soit béni, mon enfant !

xadi mi ñu duppe xadi yaayi siriif joom yal na séy bi barkeel

x	mi	ñu	duppe		x	yaayi		s	j	yal	na	séy	bi	barkeel	
x	mi	ñu	tudd	-e	x	yaay	-i	s	j	yal	na	séy	bi	barke	-el
k	que	on	nommer	APPL	k	mère	CONN	C	j	Dieu	INCIT	union	le	grâce	DNM
N	PNR	PIND	VT	SUF	N	N	SUF	N	N	N	MOD	N	ART	N	SUF

Khadi qui porte le nom de Khadi, mère de Chérif Diome, que le mariage soit béni !

ñu ne maam alasaan ay sa baay waaye alasaan fay maayin ndóoy ay yaayam
ñu ne m a ay sa baay waaye a f m nd ay yaayam
ñu ne m a a y sa baay waaye a f m nd a y yaay -am
on dire m a MRS être ton père mais a f m nd MRS être mère POS3S
PIND V N N MOD VI POSS2S N CONJC N N N N MOD VI N SUF
On dit : Mame Alassane est ton père mais Alassane Faye Mayine Ndoye est sa mère.

ñu ni maayin ndóoy naara ndóoy ay baayam
ñu ni m nd n nd ay baayam
ñu ni m nd n nd a y baay am
on dire m nd n nd MRS être père POS3S
PIND V N N N N MOD VI N SUF
on dit : Mayine Ndoye Nara Ndoye est son père,

waaye naara ndóoy maam alasaan ndóoy ay baayam ñu ne alasaan ndóoy
waaye n nd m a nd ay baayam ñu ne a nd
waaye n nd m a nd a y baay am ñu ne a nd
mais n nd m a nd MRS être père POS3S on dire a nd
CONJC N N N N N MOD VI N SUF PIND V N N
mais Nara Ndoye, Mame Alassane Ndoye est son père on dit : Alassane Ndoye

mooy baayu naara ndóoy waaye mooy baayu diminga ndóoy
mooy baayu n nd waaye mooy baayu d nd
moo -y baay -u n nd waaye moo -y baay -u d nd
PNS3S_MRS être père CONN n nd mais PNS3S_MRS être père CONN d nd
STG VI N SUF N N CONJC STG VI N SUF N N
est le père de Nara Ndoye mais il est le père de Diminga Ndoye.

waaye diminga ndóoy ay yaayi bukar fay bukar fay ay baayu alasaan fay
waaye d nd ay yaayi b f b f ay baayu a f
waaye d nd ay yaay -i b f b f ay baay -u a f
mais d nd MRS_être mère\maman CONN b f b f MRS_être père CONN a f
CONJC N N STG N SUF N N N N STG N SUF N N
mais Diminga Ndoye est la mère de Boucar Faye ; Boucar Faye est le père d'Alassane Faye

waral sama doom ji waral guddi na
waral sama doom ji waral guddi na
war -al sama doom ji war -al guddi na
monter IMP mon enfant le monter IMP nuit MRV
VT SUF POSS1S N ADS VT SUF VI MOD
Monte, mon enfant, monte, il fait nuit !

boo waree mey ma jaam
boo waree mey ma jaam
bu a war -ee mey ma jaam
quand tu monter ANT offrir me servante
CONJS PNS2S VT SUF VT PNC1S N
En partant, tu m'offriras une servante,

boo wàccee mey ma naarugóor
boo wàccee mey ma naarugóor
bu a wàcc -ee mey ma naarugóor

quand tu descendre ANT offrir me pur_sang
CONJS PNS2S VI SUF VT PN1S N
arrivée, tu m'offriras un pur-sang.

noonu lanu daan jiitale sunu doom
noonu lanu daan jiitale sunu doom
noonu la nu di aan jiit -al -e sunu doom
ainsi MRC nous INAC P_H être_premier DVRBAT APPL notre enfant
ADV MOD PNS1P ASP SUF V SUF SUF POSS1P N
C'est ainsi que nous nous placions derrière notre enfant.

6.25 BÉY AK BUKKI (CONTE)

Léeb ! Ala woon Béy ah Bukki. Léegi, Béy daha johe woon, ne dala aji màkka. Mu wut mbuusab lem ak mbuusab mbuudaake. Mu la dem. Mu dem a dem di dem, mu la dem, mu la dem, mu la dem ba mu aaga sa biir aala ba. Ba mu demee, Maam Yàlla jaa ngi xiin ba ñéliŋaan ; ñuul kuk. Léegi, mu dox ba dajeeh Bukki. Bukki ne ko : Woo ! A Béy, faa la dem ? Mu ne : Man, damaa aji màkka. Mu ne ka : Àgg naal, kaaba ngaa ngi. Mu ne ka : Léegi, bala ma laa leeka, duma la yóbbu faa xam ne dina am weñ ; benna weñ dul fa dal. Mu la dox, la dox ba wéñ ñów, mu bàyyi. Ñu dem a dem ba ñu dem si beena pah, mu ne fi la ma laa lekke nag. Ba mu duggee sa ruhu ba, mu feeka fa Gayndee ngi hiif be, mar ba munula gis leena. Ba mu ëgsee, mu ne ka : Wo ! a Bukki, faa laa dem ? Mu ne ka : A, dama la doon seetsi si sa feebar bi. Moo tah ma indil la sërica. Mu ne : Wo ! a Bukki toogal ! Béy toog ; ña toog, ñoom ñaar. Béy ne ka : Nijaay Gaynde, dahaa feebar ? Mu ne ka : Dama feebar, Béy. Booba be tey jogul ma. Maa ngi tëda samab lal rekka, lekkul ma, naanul ma. Mu ne ka : A, léegi, yor na ma la la mana faj. Mu ne ka : Wo, lan la ? Mu ne : Yor na ma gambi lem ag gambab muudaake. Mu ne ka : Waaye dey, li moo àndal, derab bukki lañ kaa faje déy. Mu ne ka : A, derab bukki ? Mu ne : Waaw ! Mu ne : Bukki, laa xam si loogu wax ? Bukki ne ka : A, kon nga seet tuuti. Mu daldi dóor, jél, ne laweet sa pooj ba. Béy daldi jél xooj si gamba bi mu jox Gaynde. Gaynde leeka. Mu ne : A, yëf yi neex na di ! Mu ne ka : Neex na kay ! Mu ne : Bukki ! Laa xam ? Mu daldi jél. Mu ne ka : Utal tuuti ! Mu yooreeti, mu daldi xooj. Mu leeka. Béy joh ka si muudaake mi. Mu naan. Léegi, ba mu ka defee, Gaynde neeka fa ba Gaynde jog ne mu ngaa doxantuji. Fekk Bukki dee na ba ne woññe, ay bëñam tëdd. Gaynde jog ne xaaral ma doxantuji. Bi mu jogee ne mu ngaa doxantuji, Béy daldi jél ay bagaasam, i mbuusam aha i yéppaam, mu daldi daw dem. Ba mu dawee nag, bi Gaynde ñówee, fekku ka fa. Fa la léeb bi dohe tàbbi bunti géej.

léeb ala woon béy ah bukki
léeb ala woon béy ah bukki
léeb ala w -oon béy ah bukki
conte être EPENT PASSE chèvre et hyène
N VI AFF SUF N CONJC N
Conte ! Il était une fois Chèvre et Hyène.

léegi béy daha johe woon ???
léegi béy daha johe woon xxx
léegi béy daha joh -e w -oon xxx
maintenant chèvre EXPL donner SUBPN EPENT PASSE ???
ADV N MOD VT SUF AFF SUF
Alors, Chèvre avait donné ???

ne da la aji màkka
ne da la aji màkka
ne da la aj i màkka
dire EXPL INAC pélerinage EXIT mecque
V MOD ASP VT SUF N
disant qu'elle partait en pélerinage à la Mecque.

mu wut mbuusab lem ak mbuusab mbuudaake

mu	wut	mbuusab			lem	ak	mbuusab			mbuudaake
mu	wut	mbuus	a	b	lem	ak	mbuus	-u	-b	mbuudaake
elle	chercher	outre	CONN	CL	miel	et	sac	CONN	CL	couscous
PNS3S	VT	N	SUF	SUF	N	CONJC	N	SUF	SUF	N

Elle chercha un sac de miel et un sac de *mbuudaake*.

mu la dem mu dem a dem

mu	la	dem	mu	dem	a	dem
mu	la	dem	mu	dem	a	dem
elle	INAC	partir	elle	partir	INAC	partir
PNS3S	ASP	VI	PNS3S	VI	ASP	VI

Elle s'en alla, s'en alla, s'en alla,

di dem mu la dem mu la dem mu la dem

di	dem	mu	la	dem	mu	la	dem	mu	la	dem
di	dem	mu	la	dem	mu	la	dem	mu	la	dem
INAC	partir	elle	INAC	partir	elle	INAC	partir	elle	INAC	partir
ASP	VI	PNS3S	ASP	VI	PNS3S	ASP	VI	PNS3S	ASP	VI

s'en alla, s'en alla, s'en alla, s'en alla

ba mu aaga sa biir aala ba

ba	mu	aaga	sa	biir	aala	ba
ba	mu	àgg	sa	biir	aala	ba
jusque	elle	arriver	à	intérieur	brousse	la
PREP	PNS3S	VI	PREP	ADV	N	ADS

jusqu'à ce qu'elle arriva dans la brousse.

ba mu demee

ba	mu	demee	
ba	mu	dem	-ee
quand	elle	partir	ANT
CONJS	PNS3S	VI	SUF

Quand elle partit,

maam Yàlla jaa ngi xiin ba ňéliŋaan ňuul kuk

maam	Yàlla	jaa		ngi	xiin	ba	ňéliŋaan		ňuul	kuk
maam	Yàlla	ji	a	ngi	xiin	ba	ňéliŋaan		ňuul	kuk
grand-parent	Dieu	le	PRSTT	PRSTT	nuageux	jusque	être-tout_noir		être_noir	très
N	N	ADS	MOD	MOD	VI	PREP	VI		VI	ADV

le ciel était couvert de nuages de pluies, tout noir.

léegi mu dox ba dajeeh bukki

léegi	mu	dox	ba	dajeeh			bukki
leegi	mu	dox	ba	daj	e	ah	bukki
alors	elle	marcher	jusque	rencontrer	APPL	avec	hyène
ADV	PNS3S	VI	PREP	VT	SUF	CONJC	N

Alors, elle marcha jusqu'à croiser Hyène.

bukki ne ko wo a béy faa la dem

bukki	ne	ko	wo	a	béy	faa		la	dem
bukki	ne	ko	wo	a	béy	fa	a	la	dem
hyène	dire	lui	oh	eh bien	chèvre	où	tu	INAC	partir
N	V	PNC3S	INTERJ	INTERJ	N	ADV	PNS2S	ASP	VI

Hyène lui dit : Oh, eh bien, Chèvre où vas-tu ?

mu ne man damaa aji màkka

mu	ne	man	damaa			aji		màkka
mu	ne	man	da	ma	a	aj	i	màkka
elle	dire	moi	EXPL	je	INAC	visiter	EXIT	mecque
PNS3S	V	PN1S	MOD	PNS1S	ASP	VT	SUF	N

Elle dit moi, je pars en pélerinage à la Mecque.

mu ne ka àgg naal kaaba gaa ngi

mu	ne	ka	àgg	naal		kaaba	gaa		ngi
mu	ne	ka	àgg	na	al	kaaba	ga	a	ngi
il	dire	lui	arriver	MRV	tu	kaaba	la	PRSTT	PRSTT
PNS3S	V	PNC3S	VI	MOD	PNS2S	N	ADS	MOD	MOD

Hyène lui dit : Tu es arrivée, voici la Kaaba.

mu ne ka léegi bala ma laa leeka

mu	ne	ka	léegi	bala	ma	laa		leeka
mu	ne	ka	leegi	bala	ma	la	a	lekk
il	dire	lui	maintenant	avant	je	te	INAC	manger
PNS3S	V	PNC3S	ADV	ADV	PNS1S	PNC2S	ASP	VT

La hyène lui dit avant que je ne te mange,

duma la yóbbu faa xam ne dina am weň

duma		la	yóbbu	faa		xam	ne	dina	am	weň
du	ma	la	yóbbu	fa	a	xam	ne	dina	am	wéñ
FNEG	je	te	emporter	où	tu	savoir	que	FUT	avoir	mouche
MOD	PNS1S	PNC2S	VT	ADV	PNS2S	VI	CONJS	MOD	VT	N

Je ne t’emmènerai pas où il y aura des mouches.

benna weň dul fa dal mu la dox la dox ba

benna	weň	dul	fa	dal	mu	la	dox	la	dox	ba
benn	wéñ	dul	fa	dal	mu	la	dox	la	dox	ba
un	mouche	FNEG	là-bas	se poser	il	INAC	marcher	INAC	marcher	jusque
NUM	N	MOD	ADV	VI	PNS3S	ASP	VI	ASP	VI	PREP

Aucune mouche ne s’y posera. Elle marcha, marcha tant.

wéñ ñów mu bàyyi

wéñ	ñów	mu	bàyyi
wéñ	ñów	mu	bàyyi
mouche	venir	elle	laisser
N	VI	PNS3S	VT

Une mouche vint, elle s’en alla.

ñu dem a dem ba ñu dem si beena pah

ñu	dem	a	dem	ba	ñu	dem	si	beena	pah
ñu	dem	a	dem	ba	ñu	dem	si	benn	pax
ils	partir	INAC	partir	jusque	ils	partir	à	un	trou
PNS3P	VI	ASP	VI	PREP	PN3PL	VI	PREP	AIS	N

Elles allèrent, allèrent jusqu’à arriver à un fossé,

mu ne ka fi la ma laa lekke nag

mu	ne	ka	fi	la	ma	laa		lekke		nag
mu	ne	ka	fi	la	ma	la	a	lekk	-e	nag
elle	dire	lui	ici	être	je	te	INAC	manger	APPL	alors
PNS3S	V	PNC3S	ADV	VI	PNS1S	PNC3S	ASP	VT	SUF	ADV

elle lui dit : C’est ici que je vais te manger.

ba mu duggee sa ruhu ba mu feeka fa

ba	mu	duggee	sa	ruhu	ba	mu	feeka	fa
ba	mu	dugg ee	sa	ruq	ba	mu	feeka	fa
quand	il	entrer ANT	à	coin	le	il	trouver	y
CONJS	PNS3S	VI SUF	PREP	N	ADS	PNS3S	VT	ADV

Quand Hyène entra dans le fossé, elle y trouva

gayndee ngi hiif be mar ba munula gis

gayndee	ngi	hiif	be	mar	ba	munula				gis
gaynde a	ngi	hiif	be	mar	ba	mun	-ul	-a		gis
lion	PRSTT	PRSTT	avoir_ faim	jusque	avoir_soif	jusque	pouvoir	NEG	INDV	voir
N	MOD	MOD	VI	PREP	VI	PREP	V	SUF	SUF	VT

Lion si affamé et si assoifé qu'il ne pouvait voir

leena ba mu ëgsee mu ne ka wo

leena	ba	mu	ëgsee			mu	ne	ka	wo
lenn	ba	mu	àgg	si	ee	mu	ne	ka	wo
une_chose	quand	il	arriver	ADSIT	ANT	il	dire	lui	oh
PN	CONJS	PNS3S	VI	SUF	SUF	PNS3S	V	PNC3S	INTERJ

rien. Quand Hyène arriva, Lion lui dit tiens !

a bukki faa laa dem

a	bukki	faa		laa		dem
a	bukki	fa	a	la	a	dem
ah	hyène	où	tu	MRC	tu	partir
INTERJ	N	ADV	PNS2S	MOD	PNS2S	VI

Eh bien Hyène, où vas-tu ?

mu ne ka a dama la doon seetsi

mu	ne	ka	a	dama		la	doon		seetsi		
mu	ne	ka	a	da	ma	la	di	oon	seet	si	
il	dire	lui	ah	EXPL	je	te	INAC	PASSE	regarder	ATSIT	
PNS3S	V	PNC3S	INTERJ	MOD	PNS1S	PNC2S	ASP	SUF	VT	SUF	

Elle lui dit : Je venais te visiter

si sa feebar bi

si	sa	feebar	bi
si	sa	feebar	bi
pour	ton	maladie	la
PREP	POSS2S	N	ADS

pour ta maladie.

moo tah ma indil la sërica mu ne wo a bukki toogal

moo		tah	ma	indil		la	sërica	mu	ne	bukki	toogal		
mu	a	tax	ma	indi	-al	la	sarica	mu	ne	bukki	toog	-al	
il	MRS	causer	je	apporter	BEN	te	cadeau	il	dire	hyène	s'asseoir	IMP	
PNS3S	MOD	V	PNS1S	VT	SUF	PNC2S	N	PNS3S	V	N	VI	SUF	

C'est pour cela que je t'ai apporté un cadeau. Il dit eh bien Hyène, assois-toi !

béy toog ña toog ñoom ñaar

béy	toog	ña	toog	ñoom	ñaar
béy	toog	ña	toog	ñoom	ñaar
chèvre	s'asseoir	ils	s'asseoir	eux	deux
N	VI	PNS3P	VI	PN3PL	NUM

Chèvre s’assoit. Ils s’assoient tous les deux.

béy ne ka nijaay gaynde dahaa feebar
béy ne ka nijaay gaynde dahaa feebar
béy ne ka nijaay gaynde daha a feebar
chèvre dire lui oncle lion EXPL tu être_malade
N V PNC3S N N MOD PNS2S VI
Chèvre lui dit : Oncle Lion, tu es malade ?

mu ne ka dama feebar béy
mu ne ka dama feebar béy
mu ne ka da ma feebar béy
il dire lui EXPL je être_malade chèvre
PNS3S V PNC3S MOD PNS1S VI N
Il lui dit : Je suis malade, Chèvre.

booba be tey jogul ma
booba be tey jogul ma
booba be tey jog -ul ma
depuis jusque ce jour se_lever NEG je
PREP PREP ADV VI SUF PNS1S
Depuis lors, je ne me suis pas levé,

maa ngi tëda samab lal rekka
maa ngi tëda samab lal rekka
ma a ngi tëda sama ab lal rekka
je PRSTT PRSTT être_couché mon un lit seulement
PNS1S MOD MOD VI POSS1S AIS N ADV
je suis couché dans mon lit tout le temps,

lekkul ma naanul ma mu ne ka a
lekkul ma naanul ma mu ne ka a
lekk -ul ma naan -ul ma mu ne ka a
manger NEG je boire NEG je il dire lui eh bien
VT SUF PNS1S VT SUF PNS1S PNS3S V PNC3S INTERJ
je n’ai ni mangé ni bu. Elle lui dit ah,

léegi yor na ma la la mana faj
léegi yor na ma la la mana faj
léegi yor na ma la la man a faj
en ce moment avoir MRV je qch te pouvoir INDV soigner
ADV VT MOD PNS1S PN PNC2S VI SUF VT
présentement, j’ai quelque chose qui peut te soigner.

mu ne ka wo lan la
mu ne ka wo lan la
mu ne ka wo lan la
il dire lui oh quoi être
PNS3S V PNC3S INTERJ PN VI
Il lui dit : C’est quoi ?

mu ne yor na ma gambi lem
mu ne yor na ma gambi lem
mu ne yor na ma gamb -i lem
il dire avoir MRV je courge CONN miel

PNS3S V VT MOD PNS1S N SUF N
Elle dit : J’ai une gourde de miel

ag gambab muudaake
ag gambab muudaake
ag gamb -a -b muudaake
et courge CONN CL couscous
CONJC N SUF SUF N
et une gourde de mélange de couscous-pâte d’arachide .

mu ne ka waaye dey li moo àndal
mu ne ka waaye dey li moo àndal
mu ne ka waaye dey li mu a ànd -al
il dire lui mais vraiment ce il INAC accompagner COMM
PNS3S V PNC3S CONJC ADV PN PNS3S ASP V SUF
Elle lui dit : Mais ce qui l’accompagne (l’assortiment),

derab bukki lañ kaa faje déy
derab bukki lañ kaa faje déy
der -a -b bukki la ñu ka a faj -e dey
peau CONN CL hyène MRC on le INAC soigner APPL vraiment
N SUF SUF N MOD PIND PNC3S ASP VT SUF ADV
c’est avec la peau d’une hyène qu’on la soigne vraiment.

mu ne ka a derab bukki
mu ne ka a derab bukki
mu ne ka a der -a -b bukki
il dire lui ah peau CONN CL hyène
PNS3S V PNC3S INTERJ N SUF SUF N
Il lui dit ah, la peau d’une hyène ?

mu ne waaw mu ne bukki laa xam si loogu wax
mu ne waaw mu ne bukki laa xam si loogu wax
mu ne waaw mu ne bukki la a xam si loogu wax
il dire oui il dire hyène quoi tu savoir à ce propos
PNS3S V ADV PNS3S V N PN PNS2S VI PREP PN N
Elle dit : Oui. Il dit : Hyène ! Que sais-tu de ces propos ?

bukki ne ka a kon nga seet tuuti
bukki ne ka a kon nga seet tuuti
bukki ne ka a kon nga seet tuuti
hyène dire lui eh bien donc tu regarder un peu
N V PNC3S INTERJ CONJC PNS2S VT ADV
Hyène dit : Donc, tu prends un peu.

mu daldi dóor jél ne laweet
mu daldi dóor jél ne laweet
il puis frapper prendre faire arracher
PNS3S ADV VT VT COV VT
Le lion frappa et arracha

sa pooj ba béy daldi jél xooj si gamba bi
sa pooj ba béy daldi jél xooj si gamba bi
sa pooj ba béy daldi jél xooj si gamb bi

à	cuisse	la	chèvre	puis	prendre	tremper	à	courge	la
PREP	N	ADS	N	ADV	VT	VT	PREP	N	ADS

à la cuisse, la chèvre prit, trempa dans la gourde.

mu jox gaynde gaynde leeka

mu	jox	gaynde	gaynde	leeka
mu	jox	gaynde	gaynde	leeka
il	donner	lion	lion	manger
PNS3S	VT	N	N	VT

Elle donna à Lion, Lion mangea.

mu ne a yëf yi neex na di

mu	ne	a	yëf	yi	neex	na	di
mu	ne	a	yëf	yi	neex	na	di
il	dire	ah	choses	les	être_délicieux	MRV	hein
PNS3S	V	INTERJ	N	ADP	VI	MOD	INTERJ

Il dit : Ah, la chose est bien délicieuse !

mu ne ka neex na kay

mu	ne	ka	neex	na	kay	
mu	ne	ka	neex	na	kay	
il	dire	lui	être_délicieux	MRV	certes	
PNS3S	V	PNC3S	VI	MOD	ADV	

Elle lui dit : C'est bon, certes !

mu ne bukki laa xam

mu	ne	bukki	laa		xam	
mu	ne	bukki	la	a	xam	
il	dire	hyène	que	tu	savoir	
PNS3S	V	N	PN		VI	

Lion dit : Hyène qu'en penses-tu ?

mu daldi jél

mu	daldi	jél	
mu	daldi	jél	
il	puis	prendre	
PNS3S	ADV	VT	

Il prit.

mu ne ka utal tuuti

mu	ne	ka	utal		tuuti	
mu	ne	ka	ut	-al	tuuti	
il	dire	lui	chercher	IMP	un peu	
PNS3S	V	PNC3S	VT	SUF	ADV	

Hyène lui dit : Prends un peu !

mu yooreeti

mu	yooreeti		
mu	yoori	ati	
il	arracher	ITER	
PNS3S	VT	STG	

Il arracha à nouveau.

mu daldi xooj

mu	daldi	xooj		
mu	daldi	xooj		
il	puis	tremper		
PNS3S	ADV	VT		

La chèvre trempa.

mu leeka

mu	leeka	
mu	lekk	
il	manger	
PNS3S	VT	

Il mangea.

bép joh ka si muudaake mi mu naan

bép	joh	ka	si	muudaake	mi	mu	naan
bép	joh	ka	si	muudaake	mi	mu	naan
chèvre	donner	luiPNC3S	de	couscous	le	il	boire
N	VT	PN	PREP	N	ADS	PNS3S	VT

La chèvre lui donna du *muudaake*, il bu.

léegi ba mu ka defee gaynde neeka fa ba gaynde jog

léegi	ba	mu	ka	defee		gaynde	neeka	fa	ba	gaynde	jog
leegi	ba	mu	ka	def	-ee	gaynde	neeka	fa	ba	gaynde	jog
alors	quand	il	le	faire	ANT	lion	demeurer	là-bas	jusque	lion	se_lever
ADV	PN	PNS3S	PNC3S	VT	SUF	N	VI	ADV	PREP	N	VI

Alors, Lion finit par se remettre et se leva.

ne mu ngaa doxantuji

ne mu ngaa doxantuji
ne mu nga a dox -antu -j -i
dire il PRSTT INAC marcher DVRBAL EPENT EXIT
V PNS3S MOD SUF VI SUF INFIXE SUF
Il dit qu'il allait se promener.

fekk bukki dee na ba ne woññ ay bëñam tëdd
fekk bukki dee na ba ne woññ ay bëñ -am tëdd
fekk bukki dee na ba ne woññ ay bëñam tëdd
se_trouver hyène être_mort MRV jusque faire être_sec des dent POS3S être_couché
V N VI MOD PREP COV VI AIP N SUF VI
Mais Hyène était morte, et était raide, ses crocs couchés.

gaynde jog ne xaaral ma doxantuji
gaynde jog ne xaar -al ma dox -antu -j -i
gaynde jog ne xaaral ma doxantuji
lion se_lever dire attendre IMP je marcher DVRBAL EPENT EXIT
N VI V VT SUF PNS1S VI SUF INFIXE SUF
Lion se leva et dit : Attends que j'aille me promener.

bi mu jogee ne mu ngaa doxantuji
bi mu jog -ee ne mu nga -a dox -antu -j -i
bi mu jogee ne mu ngaa doxantuji
quand il se_lever ANT dire il PRSTT INAC marcher DVRBAL EPENT EXIT
CONJS PNS3S VI SUF V PNS3S MOD ASP VI SUF AFF SUF
Quand il se leva pour aller se promener,

béy daldi jél ay bagaasam
béy daldi jél ay bagaas -am
béy daldi jél ay bagaasam
chèvre puis prendre des bagage POS3S
N ADV VT AIP N SUF
Chèvre prit ses bagages,

i mbuusam aha i yéppaam mu daldi daw dem
i mbuus -am ah i yépp -am mu daldi daw dem
i mbuusam aha i yéppaam mu daldi daw dem
des outre POS3S et des tous son il puis fuir partir
AIP N SUF CONJC AIP DETERIND SUF PNS3S ADV VT VI
ses sacs et toutes ses affaires et prit la fuite.

ba mu dawee nag
ba mu daw -ee nag
ba mu dawee nag
quand il fuir ANT alors
CONJS PNS3S VT SUF ADV
Quand elle prit la fuite alors,

bi gaynde ñówee fekku ka fa
bi gaynde ñów -ee fekk -u ka fa
bi gaynde ñówee fekku ka fa
quand lion venir ANT trouver NEG le là-bas
CONJS N VI SUF VT SUF PN ADV
quand Lion vint, il ne la trouva pas là.

fa la léeb bi dohe tàbbi bunti géej

fa	la	léeb	bi	dohe		tàbbi	bunti		géej
fa	la	léeb	bi	doh	-e	tàbbi	bunt	-i	géej
là-bas	être	conte	le	marcher	APPL	tomber_dans	entrée	CONN	mer
ADV	VI	N	ADS	VI	SUF	VI	N	SUF	N

C'est alors que le conte marcha, se jeta à l'entrée de la mer.

6.26 PRÉSENTATION F.J / O.G

- Yow, juuf nga sant, waaye noo tudd ?
- Mooy Faat JUUF.
- Faat JUUF. Fan nga juddoo ?
- Fii la juddoo.
- Nditah la ma juddoo.
- Ñaata at nga am ?
- War naa am juróom ñaar fukki at de.
- Laaj ka ban année *la juddu.*
- Maa nga juddoo… juddu na ma daal ba di am ñaari at ak ñenti weer, guerre bi la doora ñóow ; bali ndakaaru yi soga tàkk.
- Yan i bal ?
- Ya ndakaaru yi. Bal yi jëka yi ; ya de Gaulle *yi ; bali ndakaaru ya* de Gaulle. *Bali ndakaaru ; bal yu njëka ya.*
- Bi ñu amee indépendance, *ñun waa camp senegaal.*
- Neeka na juróom fukki at.
- Juróom fukki at yi, si la ma fi séy, GEY juddu. Basiiru séy. ah ñaar. Alasaan SÉY génn na fukki at ah juróom, fukki at ah beena bi ñu amee indépendance. *Mage na Amat JÓOB juróom benni weer ; du dëgg ?*
- Léegi, fii nga mësa… fi nga màgge ? Fii nga séye ?
- Waaw waaw ! Fi laa màgge, fi la ma defe lépp.
- Man, dëkk naa fii. Fii ma yaroo, fii ma maage. La ma xam daal ci fii, fi la maa xame. Daanoo dem ba Juwaalo nak, be Kayaar, be Yoof, be Wakaam, be Tëngéej, be Dakaar. Dëka bu neeka, daanu fa tukki, dem fa lu mët juróom benni weer wala juróomi weer, ñu ñów. Waaw ! Ba nawet jotee, ma bey, bey, bey, dem tool dee bey. Ba mbey mi jéehee, ma dem ci géej gi. Yàlla àtte ba sama doom yi, Yàlla àtte may doom maaga, ñëw yor kër gi. Dematuma fen. Fii, toog. Kër gaa ngi, defatuma ci dara, la dul maa fi nekk daal. Maa fi neeka maak kii.

mooy faat juuf fan nga juddoo

mooy			f	j	fan	nga	juddoo		
mu	a	-y	f	j	fan	nga	judd	u	e
elle	MRS	être	f	d	où	tu	naître	DVRBAT	APPL
PNS3S	MOD	VI	N	N	PN	PNS2S	RACDER	SUF	SUF

C'est elle Fatou Diouf. Où es-tu née ?

fii la juddoo

fii	la	juddoo		
fii	la	judd	u	e
ici	MRC	naître	DVRBAT	APPL
ADV	MOD	RACDER	SUF	SUF

C'est ici que je suis née.

nditah la ma juddoo

n	la	ma	juddoo		
n	la	ma	judd	u	e
n	MRC	je	naître	DVRBAT	APPL
N	MOD	PNS1S	RACDER	SUF	SUF

C'est à Nditakh que je suis née.

ñaata at nga am

ñaata	at	nga	am
ñaata	at	nga	am
combien	année	tu	avoir
ADV	N	PNS2S	VI

Quel âge as-tu ?

war naa am juróom ñaar fukki at de

laaj ka ban année la juddu

war naa am juróom ñaar fukki at de laaj ka ban année la juddu
war na a am juróom ñaar fukk i at de laaj ka ban la judd -u
devoir MRV INDV avoir cinq deux dix des année vraiment demander lui quel MRC naître DVRBAT
V MOD SUF VI NUM NUM N AIP N ADV VT PNC3S PN MOD RACDER SUF
Elle doit bien avoir 70 ans. Demande-lui en quelle année elle est née.

maa nga juddoo
maa nga juddoo
ma a nga judd u e
je PRSTT PRSTT naître DVRBAT APPL
PNS1S MOD MOD RACDER SUF SUF
Je suis née en…

juddu na ma daal ba di am ñaari at
juddu na ma daal ba di am ñaari at
judd -u na ma daal ba di am ñaar i at
naître DVRBAT MRV je en_ tous_ cas jusque INAC avoir deux des année
RACDER SUF MOD PNS1S ADV PREP ASP VI NUM AIP N
Je suis née, en tous cas, jusqu'à être sur mes 2 ans

ak ñenti weer guerre bi la doora ñóow
ak ñenti weer guerre bi la doora ñów
ak ñent i weer bi la door a ñów
avec quatre des mois la INAC commencer INDV venir
PREP NUM AIP N ADS ASP VT SUF VI
et 4 mois, et seulement, la guerre est venue,

bali ndakaaru yi soga tàkk yan i bal
bali ndakaaru yi soga tàkk yan i bal
bal -i ndakaaru yi sog -a tàkk yan i bal
balle CONN Dakar les venir de INDV s'allumer quel des balle
N SUF N ADP VAUX SUF VI PN AIP N
et seulement, les balles de Dakar ont tonné. Quelles balles ?

ya ndakaaru yi bal yi jëka yi
ya ndakaaru yi bal yi jëka yi
ya ndakaaru yi bal yi jëka yi
celles Dakar les balle les être_ premier les
PNP N ADP N ADP VI ADP
Celles de Dakar ; les premières balles ;

bali ndakaaru ya de gaulle bal yu njëka ya
bali ndakaaru ya d g bal yu njëka ya
bal i ndakaaru ya bal yu njëka ya
balle CONN Dakar les balle qui être_premier les
N SUF N PNP N PNR VI ADP
les balles de Dakar ; celles de de Gaulle ; les premières balles.

bi ñu amee indépendance
bi ñu amee indépendance
bi ñu am -ee
quand on avoir ANT
CONJS PIND VI SUF
Quand on a eu l'indépendance,

ñun waa camp senegaal neeka na juróom fukki at
ñun waa camp senegaal neeka na juróom fukki at
ñun waa senegaal neeka na juróom fukk i at
nous gens Sénégal être MRV cinq dix des année
PN1P N N VI MOD NUM N AIP N
Nous, gens du camp du Sénégal, cela fait 50 ans.

juróom fukki at yi si la ma fi séy gény juddu
juróom fukki at yi si la ma fi séy g juddu
juróom fukk i at yi si la ma fi séy g judd -u
cinq dix des année les à MRC je ici marier g naître DVRBAT
NUM N AIP N ADP PREP MOD PNS1S ADV VI N RACDER SUF
C'est dans ces 50 ans que j'ai été mariée ici, Guéye est né

basiiru séy ah ñaar
b séy ah ñaar
b séy ah ñaar
b se marier avec deux
N VI PREP NUM
Bassirou s'est marié et deux …

alasaan séy génn na fukki at ah juróom fukki at ah beena
a s génn na fukki at ah juróom fukki at ah beena
a s génn na fukk i at ah juróom fukk i at ah beena
a s sortir MRV dix des année avec cinq dix des année avec un
N N VI MOD N AIP N PREP NUM N AIP N PREP NUM
Alassane Séy est sorti 15 ans, 11 ans,

bi ñu amee indépendance ...
bi ñu amee indépendance
bi ñu am -ee
quand nous avoir ANT
CONJS PNS1P VI SUF
quand on a eu l'indépendance.

mage na amat jóob juróom benni weer du dëgg
mage na a j juróom benni weer du dëgg
mag -e na a j juróom benn i weer di u dëgg
être âgé APPL MRV a d cinq un des mois être NEG vérité
VI SUF MOD N N NUM N AIP N VI SUF N
Il est plus âgé que Amath Diop de 6 mois. N'est-ce pas vrai ?

léegi fii nga mësa fi nga màgge
léegi fii nga mësa fi nga màgge
léegi fii nga mës a fi nga màgg -e
maintenant ici tu faire_ l'expérience INDV ici tu grandir APPL
ADV ADV PNS2S VAUX SUF ADV PNS2S VI SUF
Maintenant, c'est ici que tu as toujours… c'est ici que tu as grandi ?

fii nga séye
fii nga séye
fii nga séy -e
ici tu se marier APPL
ADV PNS2S VI SUF
C'est ici que tu t'es mariée ?

waaw waaw fi laa màgge fi la ma defe lépp

waaw waaw	fi	laa		màgge		fi	la	ma	defe		lépp
waaw	fi	la	a	màgg	-e	fi	la	ma	def	e	lépp
oui	ici	MRC	je	grandir	APPL	ici	MRC	je	faire	APPL	tout
ADV	ADV	MOD	PNS1S	VI	SUF	ADV	MOD	PNS1S	VT	SUF	PN

Oui, oui, c'est ici que j'ai grandi, c'est ici que j'ai fait tout.

man dëkk naa fii fii ma yaroo

man	dëkk	naa		fii	fii	ma	yaroo	
man	dëkk	na	a	fii	fii	ma	yar	-oo
moi	habiter	MRV	je	ici	ici	je	élever	DVRBAT+APPL
PN1S	VI	MOD	PNS1S	ADV	ADV	PN1S	VT	STG

Moi, j'ai habité ici, c'est ici que j'ai été élevé,

fii ma maage la ma xam daal

fii	ma	maage		la	ma	xam	daal	
fii	ma	maag	-e	la	ma	xam	daal	
ici	je	grandir	APPL	MRC	je	savoir	en_tous_cas	
ADV	PNS1S	VI	SUF	MOD	PNS1S	VT	ADV	

c'est ici que j'ai grandi. Tout ce que je sais, vraiment,

ci fii fi la maa xame

ci	fii	fi	la	maa		xame	
ci	fii	fi	la	ma	ha	xam	-e
à	ici	ici	MRC	je	le	savoir	APPL
PREP	ADV	ADV	MOD	PNS1S	PNC3S	VT	SUF

c'est ici C'est ici que je l'ai su.

daanoo dem ba juwaalo nak be kayaar be yoof

daanoo				dem	ba	juwaalo	be	kayaar	be	yoof	
di	aan	nu	a	dem	ba	juwaalo	be	kayaar	be	yoof	
INAC	P_H	nous	INAC	partir	jusque	Joal	jusque	Cayar	jusque	Yoff	
ASP	ASP	PNS1P	ASP	VI	PREP	N	PREP	N	PREP	N	

Nous allions jusqu'à Joal alors, jusqu'à Cayar, jusqu'à Yoff,

be wakaam be tëngéej be dakaar

be	w	be	t	be	d
be	w	be	t	be	d
jusque	w	jusque	t	jusque	d
PREP	N	PREP	N	PREP	N

jusqu'à Ouakam, jusqu'à Rufisque, jusqu'à Dakar

dëka bu neeka daanu fa tukki

dëka	bu	neeka	daanu				fa	tukki
dëka	bu	neeka	di	aa		nu	fa	tukki
ville	qui	se_trouver	INAC	P_H		nous	y	voyager
N	PN	VI	ASP	SUF		PNS1P	ADV	VI

toute ville qui est, nous y allions en voyage.

dem fa lu mët juróom benni weer wala juróomi weer ñu ñów

dem	fa	lu	mët	juróom	benni	weer	wala	juróomi		weer	ñu	ñów
dem	fa	lu	mët	juróom	benn i	weer	wala	juróom	i	weer	ñu	ñów
partir	là-bas	ce	faire	cinq	un	des	mois	ou	cinq	des	mois	nous	venir

VI ADV PN VI NUM N AIP N CONJC NUM AIP N PNS1P VI
Nous y allions pour 6 mois ou 5 mois, nous rentrions.

ba nawet jotee ma bey bey bey dem tool dee bey
ba nawet jotee ma bey dem tool dee bey
ba nawet jot -ee ma bey dem tool di a bey
quand hivernage atteindre ANT je cultiver partir champ INAC INDV cultiver
CONJS N VT SUF PNS1S VT VI N ASP SUF VT
Quand l'hivernage venait, je cultivais, cultivais, cultivais ; j'allais au champ cultiver.

ba mbey mi jéehee ma dem ci géej gi
ba mbey mi jéehee ma dem ci géej gi
ba mbey mi jéeh -ee ma dem ci géej gi
quand culture la être_fini ANT je partir à mer la
CONJS N ADS VI SUF PNS1S VI PREP N ADS
Quand la culture était finie, je partais en mer.

yàlla àtte ba sama doom yi
yàlla àtte ba sama doom yi
yàlla àtte ba sama doom yi
Dieu décider jusque mon enfant les
N VT PREP POSS1S N ADP
Dieu fit que mes enfants …

yàlla àtte may doom maaga ñëw yor kër gi
yàlla àtte may doom maaga ñëw yor kër gi
yàlla àtte ma ay doom maaga ñëw yor kër gi
Dieu décider mon des enfant grandir venir tenir maison la
N VT POSS1S AIP N VI VI VT N ADP
Dieu fit que mes enfants ont grandi, sont venus, ont pris en charge la maison.

dematuma fen fii toog
dematuma fen fii toog
dem -at u ma fen fii toog
partir ITER NEG je nulle_part ici demeurer
VI SUF SUF PNS1S ADV ADV VI
Je ne vais plus nulle part ; ici, assis.

kër gaa ngi defatuma ci dara
kër gaa ngi defatuma ci dara
kër gi a ngi def at u ma ci dara
maison la PRSTT PRSTT faire ITER NEG je y rien
N ADS MOD MOD VT SUF SUF PNS1S PREP ADV
Voici la maison, je n'y investis plus rien,

la dul maa fi nekk daal maa fi neeka maak kii
la dul maa fi nekk maa fi neeka maak kii
la d ul ma a fi nekk ma a fi neeka ma ak kii
ce être NEG je MRS ici demeurer je MRS ici demeurer moi et celle-ci
PN VI SUF PNS1S MOD ADV VI PNS1S MOD ADV VI STG CONJC DEM
si ce n'est que c'est moi qui suis ici en quelque sorte ; c'est moi qui suis ici ; moi et celle-là.

6.27 ORIGINE *LÉBU*

- Waaw ! Lébukaay. Fi mu nekk, baa jógee fii, man naal dem fii ba tubaab-jalaw, ba ñaŋal, ñów gëstu foofu. Xam naal li ma wah ? Ba Yeen gii. Saa yoo jógee fii, man naal dem Tubaab-Jalaw, u laajte, ñu wax

ko, mu dem Tubaab-Jalaw, ñu wax. Xam naal li ma wax ? Mu jaar fi, dem Yeen, dëkkoon naa Yeen, be Toda, be Séndu, be Barñi, Tëngéej, be Ndakaaru, be Ngor. Waaw, loolu laa bugoon nga xam. Xam-xam boobu laa bugoon nak. Xam naal li ma wax ?
- Yow, na nga tudd ? Xam naa ne GÉY nga sant.
- Maa la Usmaan GÉY.
- Ñaata at nga am ?
- Maa ngi buga dugg ci juróom ñaar fuki at ak ñeta.

waaw lébukaay			
waaw lébukaay			
waaw	léb	-ukaay	
oui	emprunter	instrument pour	
ADV	VT	SUF	
Oui, où on emprunte.			

fi mu nekk baa jógee fii							
fi	mu	nekk	baa		jógee		fii
fi	mu	nekk	ba	a	jóg	-ee	fii
où	il	se trouver	quand	tu	se lever	ANT	ici
ADV	PNS3S	VI	CONJS	PNS2S	VI	SUF	ADV
Actuellement, si tu pars d'ici,							

man naal dem fii ba tubaab-jalaw ba ñaŋal								
man	naal		dem	fii	ba	tubaab_jalaw	ba	ñaŋal
man	na	al	dem	fii	ba	tubaab_jalaw	ba	ñaŋal
pouvoir	MRV	tu	partir	ici	jusque	toubab_dialaw	jusque	Niangal
VI	MOD	PNS2S	VI	ADV	PREP	N	PREP	N
tu peux aller d'ici à Toubab-Dialaw, à Niangal,								

ñów gëstu foofu xam naal li ma wah ba yeen gii												
ñów	gëstu		foofu	xam	naal		li	ma	wah	ba	yeen	gii
ñów	gëstu		foofu	xam	na	al	li	ma	wah	ba	yeen	gii
venir	rechercher	là	savoir	MRV	tu		ce	je	dire	jusque	Yene	ce
V	VT	ADV	VT	MOD	PNS2S		PNC3S	PNS1S	V	PREP	N	DEMP
venir faire de la recherche là-bas, tu comprends ce que j'ai dit ? Jusqu'à Yene ici.												

saa yoo jógee fii man naal dem tubaab jalaw										
saa	yoo		jógee		fii	man	naal		dem	tj
saa	yu	a	jóg	-ee	fii	man	na	al	dem	tj
instant	que	tu	se_lever	ANT	ici	pouvoir	MRV	tu	aller	tj
N	PNR	PNS2S	VI		SUF	ADV	VI	MOD	PNS2S	VI N
Quand tu partiras d'ici, tu peux aller à Toubab Dialaw,										

u laajte					ñu wax ko			mu dem tubaab jalaw ñu wax				
u	laajte				ñu	wax	ko	mu	dem	tj	ñu	wax
u	laaj	t	e		ñu	wax	ko	mu	dem	tj	ñu	wax
tu	demander	EPENT	SUF		on	dire	lui	il	partir	tj	on	dire
PNS2S	VT	SUF		SUBPN	PIND	V	PNC3S	PNS3S	VI	N	PIND	V
tu demandes.					On lui dit.			Il part à Toubab Dialaw, on dit.				

xam naal li ma wax					
xam	naal		li	ma	wax
xam	na	al	li	ma	wax
savoir	MRV	tu	ce	je	dire
VT	MOD	PNS2S	PN	PNS1S	V

Tu sais ce que j'ai dit ?

mu jaar fi dem yeen dëkkoon naa yeen

mu	jaar	fi	dem	yeen	dëkkoon		naa		yeen
mu	jaar	fi	dem	yeen	dëkk	-oon	na	a	yeen
il	passer	ici	aller	Yene	habiter	PASSE	MRV	je	Yene
PNS3S	VI	ADV	VI	N	VI	SUF	MOD	PNS1S	N

Il passe ici, va à Yene, j'ai habité à Yene,

be toda be séndu be barñi tëngéej be ndakaaru be ngor waaw

be	toda	be	séndu	be	barñi	tëngéej	be	ndakaaru	be	ngor	waaw
be	toda	be	séndu	be	barñi	tëngéej	be	ndakaaru	be	ngor	waaw
jusque	Toda	jusque	Séndou	jusque	Bargny	Rufisque	jusque	Dakar	jusque	Ngor	oui
PREP	N	PREP	N	PREP	N	N	PREP	N	PREP	N	ADV

jusqu'à Toda, jusqu'à Séndou, jusqu'à Bargny, Rufisque, jusqu'à Dakar, jusqu'à Ngor... oui

loolu laa bugoon nga xam

loolu	laa		bugoon		nga	xam
loolu	la	a	bug	-oon	nga	xam
cela	MRC	je	vouloir	PASSE	tu	savoir
DEMP	MOD	PNS1S	VT	SUF	PNS2S	VT

C'est ça que je voulais que tu saches.

xam-xam boobu laa bugoon nak

xam-xam	boobu	laa		bugoon		nak
xam-xam	boobu	la	a	bug	-oon	nak
savoir	ce	MRC	je	vouloir	PASSE	alors
N	DEMP	MOD	PNS1S	VT	SUF	CONJ

C'est ce savoir que je voulais...

xam-xam boobu laa bugoon nak ... ... xam naal li ma wax

xam-xam	boobu	laa		bugoon		nak	xam	naal		li	ma	wax	
xam-xam	boobu	la	a	bug	-oon	nak	xam	na	al	li	ma	wax	
savoir	ce	MRC	je	vouloir	PASSE	alors	savoir	MRV	tu	ce	je	dire	
N	DEMP	MOD	PNS1S	VT	SUF	CONJ	VT	MOD	PNS2S	PN	PNS1S	V	

C'est ce savoir que je voulais... Tu sais ce que j'ai dit ?

yow na nga tudd xam naa ne gëy nga sant

yow	na	nga	tudd	xam	naa		ne	gëy	nga	sant
yow	na	nga	tudd	xam	na	a	ne	gëy	nga	sant
toi	comment	tu	s'appeler	savoir	MRV	je	que	Guéye	tu	se_nommer
PN2S	ADV	PNS2S	VT	VT	MOD	PNS1S	CONJS	N	PNS2S	VI

Toi, comment t'appelles-tu ? Je sais que Guéye est ton patronyme.

maa la usmaan gëy ñaata at nga am

maa		la	u	g	ñaata	at	nga	am
ma	a	la	u	g	ñaata	at	nga	am
je	MRS	être	u	g	combien	année	tu	avoir
PNS1S	MOD	VI	N	N	ADV	N	PNS2S	VI

Je suis Ousmane Guéye. Quel âge as-tu ?

maa ngi buga dugg

maa		ngi	buga		dugg
ma	a	ngi	bug	a	dugg
je	PRSTT	PRSTT	vouloir	INDV	entrer

PNS1S MOD MOD VT SUF VI
Je vais entrer

ci juróom ñaar fuki at ak ñeta

ci	juróom	ñaar	fuki		at	ak	ñeta
ci	juróom	ñaar	fuk	i	at	ak	ñeta
en	cinq	deux	dix	des	année	et	trois
PREP	NUM	NUM	NUM	AIP	N	CONJC	NUM

dans 73 ans.

wah na ma la lu ma wax ne xam naal li ma wax

wah	na	ma	la	lu	ma	wax	ne	xam	naal		li	ma	wax
wah	na	ma	la	lu	ma	wax	ne	xam	na	al	li	ma	wax
dire	MRV	je	te	ce	je	dire	que	savoir	MRV	tu	ce	je	dire
VT	MOD	PNS1S	PNC2S	PIND	PNS1S	VT	CONJC	VT	MOD	PNS2S	PN	PNS1S	VT

Je t'ai dit tout ce que je dis, je dis : Tu sais ce que j'ai dit ?

xam naal li ma wax

xam	naal		li	ma	wax
xam	na	al	li	ma	wax
savoir	MRV	tu	ce	je	dire
VT	MOD	PNS2S	PN	PNS1S	VT

Tu sais ce que j'ai dit ?

6.28 COPPITE

- Waaw, mën nga maa wax tuuti ci coppite yi am ba nga fi nekkee ndaw ba léegi, fii, Yéen, wala jëm Tubaab-Jalaaw, lan moo fi changer ?
- Lu ñu sañse ?
- Waaw !
- Lu bari sañse na fi.
- Ci waxi lébu nak laa bëgg.
- Fii tam, dëkk bi yokku na yokku baa xam ne, yokku na yokku goo xam ne, be koom-koom dugg na fi. Waaw, mu ngi fi. Teraanga dugg na fi be sonn baa nu sonnoon, sonnatunu leegi. Paskë daanu dem, in la bey, ba nu beyee, baa beyee ba mbey mi jeex, baa amulee dara, daa soona. Leegi nak, boobu coono bépp wàcc na nu leegi. Leegi am na pexe yaa xam ne, mën nanu si duga ba dunu soona. Xam naal li ma wax ? Paskë ñee ngee suub, am na ñoo suub fii, am na ñoo jénd am lujum tëngéej, in ñów, in la jaay ; waaw, déga naal si ? Waaw, marse am na fi, te marse amu fi woon. Baa demee Tubaab-Jalaaw, marsee nga fa. Déga naal ? Bañ héyee, dañaa yóbbu ñay dugu, in la dugu, ba midi, ñu waaca, di… ñu am ci teraanga. Bu jëkkoon, ba yoonu Màkka yombul woon fii tey, yoonu Màkka yombul woon, waaye leegi yomb na lool. Ba aji màkka jotee, la mat juróom nit wala fukki nit juge fii ci secteur bi, fii, Tubaab-Jalaaw gii, dem Màkka.
- Sànq, dañu doon dëglu ay woyu njam. Mën nga ñoo wax tuuti ci mbiru njam ? Waaw, mën na la see wax tuuti. Ba ñaa jamu ak ni ña daan waaje.
- Yow jamu naal ? Jëkke ci sa bopp, nu ñu la waajale woon ?
- Baa dawee, dina am woy. Baa defee jaambaar, dina am woy. Danga dëfenë, u tëda, ña kumaase.

waaw. mën nga maa wax tuuti ci coppite yi am

waaw	mën	nga	maa		wax	tuuti	ci	coppite		yi	am
waaw	mën	nga	ma	a	wax	tuuti	ci	coppi	-te	yi	am
oui	pouvoir	tu	me	INDV	dire	un peu	de	changement	DVRBAL	les	avoir
ADV	VAUX	PNS2S	PNC1S	SUF	V	ADV	PREP	RACDER	SUF	ADP	VI

Alors, peux-tu me parler un peu des changements qu'il y a eu ?

ba nga fi nekkee ndaw ba léegi, fii, yéen wala jëm tubaab-jalaw,

ba	nga	fi	nekkee	ndaw	ba	léegi	y	wala	jëm	tj

ba nga fi nekk -ee ndaw ba léegi y wala jëm tj
quand tu ici être ANT jeune jusque maintenant y ou se_diriger td
CONJS PNS2S ADV VI SUF N PREP ADV N CONJC VI N
De ton enfance à maintenant, ici, à Yéne ou jusqu'à Toubab-Dialaw,

lan moo fi changer ?
lan moo fi changer
lan mu a fi
quoi il MRS ici
PN PNS3S MOD ADV
qu'est-ce qui a changé ici ?

lu ñu sañse ? waaw. lu bari sañse na fi
lu ñu sañse waaw lu bari sañse na fi
lu ñu sañse? waaw lu bari sañse na fi
ce on changer oui ce être_bcp changer MRV ici
PN PIND V ADV PN VI VI MOD ADV
Ce qu'on a changé ? Beaucoup a changé ici.

lu bari sañse na fi. ci waxi lébu nak laa bëgg.
lu bari sañse na fi ci waxi lébu nak laa bëgg
lu bari sañse na fi ci wax -i lébu nak la a bëgg
qch être_bcp changer MRV ici en langage CONN lébou alors MRC je vouloir
PN VI VI MOD ADV PREP N SUF N CONJ MOD PNS1S V
Beaucoup a changé ici. Mais je veux que ça soit dit en parler lébou.

fii tam dëkk bi yokku na
fii tam dëkk bi yokku na
fii tam dëkk bi yokk -u na
ici aussi ville la augmenter PRONO MRV
ADV ADV N ADS VT SUF MOD
Ici aussi, le village s'est développé

yokku baa xam ne
yokku baa xam ne
yokk -u ba a xam ne
augmenter PRONO que tu savoir que
VT SUF PNR PNS2S VT CONJ
à tel point que…

yokku na yokku goo xam ne
yokku na yokku goo xam ne
yokk -u na yokk -u gu a xam ne
augmenter PRONO MRV augmenter PRONO que tu savoir que
VT SUF MOD VT SUF PNR PNS2S VT CONJS
il s'est développé à tel point que…

be koom-koom dugg na fi, waaw mu ngi fi,
be koom dugg na fi waaw mu ngi fi
jusque richesse entrer MRV ici oui il PRSTT ici
PREP N VI MOD ADV ADV PNS3S MOD ADV
si bien que la richesse est entrée ici, oui, elle est ici ;

teraanga dugg na fi be sonn baa nu sonnoon

teraanga dugg na fi be sonn baa nu sonnoon
teraanga dugg na fi be sonn baa nu sonn oon
aisance entrer MRV ici jusque fatigue ce nous être_fatigué PASSE
N VI MOD ADV PREP N DEMDIST PNS1P VI SUF
le confort est entré ici, si bien que la fatigue que nous connaissions,

sonnatunu leegi
sonnatunu leegi
sonn at u nu leegi
être_fatigué ITER NEG nous à présent
VI SUF SUF PNS1P ADV
nous ne la subissons plus maintenant.

paskë daanu dem, in la bey, ba nu beyee,
paskë daanu dem in la bey ba nu beyee
paskë di aan nu dem in la bey ba nu bey -ee
parce que INAC P_H nous partir on INAC cultiver quand nous cultiver ANT
CONJS ASP ASP PNS1P VI PIND ASP VT CONJS PNS1P VT SUF
Parce que nous partions, nous cultivions, quand nous avions cultivé,

baa beyee ba mbey mi jeex,
baa beyee ba mbey mi jeex
ba a bey -ee ba mbey mi jeex
si tu cultiver ANT jusque culture la être_fini
CONJS PNS2S VT SUF PREP N ADS VI
quand tu avais fini de cultiver,

baa amulee dara
baa amulee dara
ba a am -ul -ee dara
si tu avoir NEG ANT rien
CONJS PNS2S VI SUF SUF ADV
si tu n'avais rien,

daa soona, leegi nak, boobu coono bépp wàcc na nu leegi
daa soona leegi nak boobu coono bépp wàcc na nu leegi
da a soona leegi nak boobu coono bépp wàcc na nu leegi
FUT tu être_fatigué maintenant alors ce peine tout descendre MRV nous maintenant
MOD VI ADV CONJ DEMP N ADV VI MOD PNC1P ADV
tu seras fatigué, mais maintenant, toute cette peine nous est épargnée.

leegi am na pexe yaa xam ne
leegi am na pexe yaa xam ne
leegi am na pexe ya a xam ne
maintenant avoir MRV moyen que tu savoir que
ADV VI MOD N PNR PNS2S VT CONJS
Maintenant, il y a des solutions où

mën nanu si duga ba dunu soona
mën nanu si duga ba dunu soona
mën na nu si duga ba du nu soona
pouvoir MRV nous y entrer jusque FNEG nous être_fatigué
VAUX MOD PNS1P PREP VI PREP MOD PNS1P VI
nous pouvons nous y engager et ainsi ne pas être fatigués.

xam naal li ma wax paskë ñee ngee suub,
xam naal li ma wax paskë ñee ngee suub
xam na al li ma wax paskë ñee ngi a suub
savoir MRV tu ce je dire parce que ceux-là PRSTT INAC teindre
VT MOD PNS2S PNS PNS1S V CONJS DEMDP MOD ASP VT
Tu sais ce que j'ai dit ? Parce que celles-là teignent,

am na ñoo suub fii, am na ñoo jénd
am na ñoo suub fii am na ñoo jénd
am na ñu a suub fii am na ñu a jénd
avoir MRV qui INAC teindre ici avoir MRV qui INAC acheter
VI MOD PNR ASP VT ADV VI MOD PNR ASP VT
il y en a qui teignent ici, il y en a qui achètent

am lujum tëngéej, in ñów in la jaay, waaw.
am lujum tëngéej in ñów in la jaay waaw
am lujum tëngéej in ñów in la jaay waaw
un légume Rufisque on venir on INAC vendre oui
AIS N N PIND VI PIND VI VT ADV
des légumes à Rufisque, on vient, on vend ; oui.

déga naal si ? waaw, marse am na fi,
déga naal si waaw marse am na fi
déga na al si waaw marse am na fi
entendre MRV tu y oui marché avoir MRV ici
VT MOD PNS2S PREP ADV N VI MOD ADV
Tu as entendu ? Oui, il y a un marché ici,

te marse amu fi woon,
te marse amu fi woon
te marse am u fi w oon
alors_que marché avoir NEG ici EPENT PASSE
CONJC N VI SUF ADV AFF SUF
alors qu'il n'y avait pas de marché ici,

baa demee tubaab-jalaw, marsee nga fa.
baa demee tj marsee nga fa
ba a dem ee tj marse a nga fa
quand tu partir ANT td marché PRSTT PRSTT y
CONJS PNS2S VI SUF N N MOD STG ADV
si tu vas à Toubab-Dialaw, il y a un marché.

déga naal bañ héyee, dañaa yóbbu
déga naal bañ héyee da ñaa yóbbu
déga na al ba ña héy ee da ña a yóbbu
entendre MRV tu quand ils se_lever ANT EXPL ils INAC emmener
VT MOD PNS2S CONJS PNS3P VI SUF MOD PNS3P ASP VT
Tu entends ? Quand ils se lèvent le matin, ils emmènent

ñay dugu, in la dugu,
ñay dugu in la dugu
ña y dugu in la dugu
ceux INAC faire_des_courses on INAC faire_des_courses
PN ASP V PIND VI V

celles qui vont faire des courses, elles font leurs courses,

ba midi, ñu waaca, di ñu am ci ña teraanga

ba	midi	ñu	waaca	di	ñu	am	ci	ña	teraanga
ba		ñu	waaca		ñu	am	ci	ña	teraanga
jusque		ils	descendre		ils	avoir	en	leur	bien-être
PREP		PNS3P	VI		PNS3P	VI	PREP	POSS	N

jusqu'à midi, ils rentrent (du travail), ils en tirent leur dignité.

bu jëkkoon ba yoonu màkka yombul woon fii

bu	jëkkoon		ba	yoonu		màkka	yombul		woon		fii
bu	jëkk	oon	ba	yoon	u	màkka	yomb	ul	w	oon	fii
qui	être_premier	PASSE	le	chemin	CONN	mecque	être facile	NEG	EPENT	PASSE	ici
PN	VI	SUF	ADSD	N	SUF	N	VI	SUF	AFF	SUF	ADV

Avant, ce n'était pas facile d'aller à la Mecque,

tey, yoonu màkka yombul woon

tey	yoonu		màkka	yombul		woon	
tey	yoon	u	màkka	yomb	-ul	w	oon
aujourd'hui	chemin	CONN	mecque	être facile	NEG	EPENT	PASSE
ADV	N	SUF	N	VI	SUF	AFF	SUF

aujourd'hui… le voyage à la Mecque n'était pas facile,

waaye leegi yomb na lool. Ba aji màkka jotee,

waaye	leegi	yomb	na	lool	ba	aji		màkka	jotee	
waaye	leegi	yomb	na	lool	ba	aj	i	màkka	jot	-ee
mais	maintenant	être_facile	MRV	très	quand	pélerinage	aller	mecque	atteindre	ANT
CONJC	ADV	VI	MOD	ADV	CONJ	N	EXIT	N	VT	SUF

